# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–22 मार्च 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस में लोकसभा चुनाव के देखत निर्वाचन आयोग आदर्श आचार संहिता क कड़ाई से पालन करे के कहले हौ। आयोग के दिसा–निरदेस के मोताबिक आदर्श आचार संहिता लागू रहले के दौरान सांसद अउर विधायक अपने–अपने इलाका में विकास योजना बदे कउनों नया निधि जारी नाहीं कइ सके लें। प्रदेस क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा येह बारे में सज्जो जिलाधिकारियन के चिट्ठी भेजले हवें। एहां उहां के कहले हई कि जो त कउनों काम चलि रहल हौ त ओके रोकल नाहीं जाई अउर ओकर भुगतानों हो सके ला, बाकिर नया काम सुरू नाहीं होई। एकरे अलावा जवने क्षेत्र में योजना मंजूर हो चुकल हौ अउर निरमाण से जुड़ल समान खरीदि के साइड पर पहुंचावल जा चुकल हौ अइसनों योजना के कार्यक्रम के हिसाबि से पूरा कइल जा सके ला। ओहर मुख्य निर्वाचन अधिकारी राज्यस्तरीय बैंकर्स समिति अउर सज्जो बैंकन क बड़हन अधिकारियन के साथे बइठकी में फरिया दिहले कि बैंकन के एक लाख चाहे एहसे बेसी लेन–देन क जनकारी जिला निर्वाचन अधिकारी के देवे के होई। जो त निकासी दस लाख से बेसी क होई त जिला निर्वाचन अधिकारी की ओरि से एकर सूचना आयकर विभाग के नोडल अधिकरियो के देवे के होई।

**********

लोकसभा चुनाव क पहिला फेरा में प्रदेस क आठ लोकसभा सीटिनि बदे नामांकन प्रक्रिया चलि रहलि हौ। परचा दाखिल कइले क आजु तिसरका दिन रहल। अबले कउनों ओम्मेदवार परचा दाखिल नाहीं कइले हवें। हलांकि कुछु ओम्मेदवार परचा खरिदले हवें। येह फेरा के सीटिनि बदे सत्ताइस मार्च ले परचा भरल जा सके ला। तीस मार्च ले परचा वापसी कइल जा सके ला। पहिला फेरा क ओट ओन्नइस अपरैल के पड़ी। ओटे क गिनती चारि जून के होई। पहिला फेरा में जवने सीटिनि पर चुनाव होखे के हौ, ओहमें– सहारनपुर, मुजफ्फरनगर, कैराना, नगीना, बिजनौर, मुरादाबाद, रामपुर अउर पीलीभीत सामिल हौ। एहमें सात सीटि सामान्य हौ जबकि नगीना सीटि आरक्षित हौ। पहिला फेरा के आठ लोकसभा क्षेत्रन में एक करोड़ तिरालीस लाख ओटर हवें। येह फेरा में मतदान बदे कुलि सात हजार से बेसी मतदान केन्द्र अउर चउदह हजार आठ सौ बेयालीस मतदेय स्थल बनावल गइल हवे।

**********

लोकसभा चुनाव में मतदान के दोरान ओटर क पहिचान बदे चुनाव आयोग ओटर कार्ड के बिकल्प के तौर पर बारह गो दस्तावेजन क सूची जारी कइले हौ। एहमें– आधार कार्ड, मनरेगा जॉब कार्ड, बैंक अउर डाकघर से जारी फोटोवाला पासबुक, श्रम मंत्रालय क योजना बदे जारी स्वास्थ्य बीमा स्मार्ट कार्ड, ड्राइविंग लाइसेंस, पैन कार्ड, एनपीआर में आरजीआई की ओरि से जारी कइल गइल स्मार्ट कार्ड, भारतीय पासपोर्ट, फोटोवाला पिनसिनि दस्तावेज, केंद्र–राज्य सरकार, फोटोवाला सेवा पहिचान पत्र, सांसद, विधायक, विधान परिषद सदस्य के जारी कइल गइल सरकारी पहिचान पत्र अउर यूनिक डिसएबिलिटी आईडी कार्ड सामिल हौ।

**********

लोकसभा चुनाव में ढेरि से ढेरि मतदान सुनिस्चित करावे बदे प्रदेस के करीब सज्जो जिलन में मतदाता जागरूकता अभियान चलावल जा रहल हौ। एहमें जिला प्रसासन कई गो स्वयंसेवी संगठनन के सहजोग से कई गो आयोजन कइ रहल हौ। कहीं मतदाता जागरूकता रैली निकारलि जा रहलि हौ त कहीं संगोस्ठी अउर चौपाल के जरिये ओटरन के हर हालि में ओटिंग बदे प्रेरित कइल जा रहल हौ। मऊ जिला में सौ फीसदी मतदान के ले के सपथ कार्यक्रम आयोजित कइल गइल, जेहमें डीएम के मौजूदरगी में किन्नर समाज क लोगि खुद ओटिंग कइले अउर लोगिन के ओट देवे बदे जागरूक कइले क सपथ लिहलें। कौशाम्बी में ओटरन के मतदान बदे जागरूक कइल जा रहल हौ। पीलीभीत में आजु मतदाता जागरूकता रैली निकारल गइल, जेहमें लोगिन से ओन्नइस अपरैल के होखे वाले ओटिंग में बढ़ि–चढ़ि के भाग लिहले क अपीलि कइल गइल। अमरोहा में कार्मिक प्रसिक्षण क मास्टर ट्रेनर के मतदान क सपथ दियावल गइल। चित्रकूट जिला में आजु कम ओटिंग वाले बूथन पर डो टू डोर मतदाता जागरूकता क सुरूआत कइल गइल। बनारस में मतदाता जागरूकता रैली निकारि के लोगिन से मतदान क अपीलि कइल गइल।

**********

आम आदमी पारटी क राष्ट्रीय संयोजक अउर दिल्ली क मुख्यमंत्री अरविन्द केजरीवाल क गिरफ्तारी के बिरोध में आजु प्रदेस के कई जिलन में आम आदमी पारटी बिरोध परदरसन कइलसं। मिर्जापुर अउर फर्रूखाबाद में पारटी क कार्यकरता लोगि अपने नेता के गिरफ्तारी क बिरोध जतावत उनके जुरते छोड़ले क मांगि कइलें।

**********

विश्व जल दिवस के मौका पर आजु बनारस में गंगा नदी के नमोघार पर लोगि मानव श्रृंखला बना के गंगा स्वच्छता अउर जन संरक्षण क सपथ दिहलें। लोगि येह मौका पर नमोघाट पर अभियान चला के साफ–सफाई कइलें। ई कार्यक्रम नमामि गंगे अउर गोरखा राइफल गंगा टास्क फोर्स की ओरिसे आयोजित कइल गइल।

**********